

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan *Modél Pangajaran Writing Workshop pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*, bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* kawilang can mampu, kalayan peunteun rata-ratana 52,48, tina KKM 75. Ditilik dumasar lima aspék kamampuh nulis nu dipeunteun kaasup katégori cukup-sedeng, rata-rata unggal aspék kamampuh nulis éséy saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* nya éta aspék eusi 16,73 (56%); aspék organisasi 11,70 (58%); aspék diksi 9,91 (50%); aspék makéna basa 11,24 (45%); aspék mékanik 2,91 (58%).
- 2) Kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop* kawilang mampu, kalayan peunteun rata-ratana 79,33, tina KKM 75. Ditilik dumasar lima aspék kamampuh nulis nu dipeunteun kaasup katégori cukup-alus. rata-rata unggal aspék kamampuh nulis éséy sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop* nya éta aspék eusi 23,67 (79%); aspék organisasi 15,58 (78%); aspék diksi 16,85 (84%); aspék makéna basa 19,27 (77%); aspék mékanik 3,97 (79%).
- 3) Aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* nulis éséy dumasar kana hasil $t_{itung} (19,74) > t_{tabel} (2,45)$. Ku kituna, dicindekkeun yén modél *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung taun ajaran 2015/2016.

5.2 Implikasi

Modél *Writing Workshop* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy. Dilarapkeunana ieu modél *Writing Workshop* meunang dukungan jeung aprésiasi nu positif boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal dilantarankeun ku sabab prak-

prakan ngalarapkeun modél *Writing Workshop* anu pikaresepeun, kondusif, ekspresif, kreatif, kolaboratif, jeung partisipatif. Ayana modél *Writing Workshop* jadi salah sahiji cukang lantaran pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelan dina pangajaran nulis éséy. Ieu modél téh ngadumaniskeun poténsi sangkan siswa diajar mikir kritis, wani ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiranana, nageuing imajinasi dina diajar, tur bisa gawé bareng jeung babaturan.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan modél *Writing Workshop* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung taun ajaran 2015/2016, aya sababaraha rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy. Ku kituna, dirékomendasikeun modél *Writing Workshop* ieu pikeun dijadikeun alternatif modél dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Guru kudu bisa ngahudang karep siswa ku cara leuwih variatif dina ngagunakeun modél pangajaran, salah sahijina ku cara ngagunakeun modél *Writing Workshop*.
- 2) Dina ngalaksanakeun pangajaran nulis ngagunakeun modél *Writing Workshop* kudu maham jeung merhatikeun kana prinsip jeung prosedurna.
- 3) Siswa kudu bisa nambahan pangaweruh kosa kecap jeung basa ku cara leuwih sering maca karangan basa Sunda, sarta siswa kudu leuwih aktif dina prosés lumangsungna pangajaran.
- 3) Pangajaran nulis ngagunakeun modél *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun aktivitas, kreativitas jeung pikaresepeun. Ku kituna, rékoméndasi pikeun sakola, ieu modél bisa disosialisasikeun ka guru mata pelajaran nu sarua atawa nu sarumpun.